

# Resous COVID-19 pou imigran, refijye ak moun ki gen azil

Y ap mete paj sa ajou ak nouvo enfòmasyon kou l disponib. Tcheke l souvan.

Sa a se lis resous pou imigran, refijye, moun ki gen azil ak òganizasyon k ap sèvi kominote a nan Philadelphia. Dènye fwa li te ajou se te 1ye jiyè 2020.

Pou pale ak yon pwofesyonèl swen sante sou COVID-19, rele 1-800-722-7112, peze 3-1-1 ak kesyon sou sèvis ki nan Vil la, oubyen vizite [www.phila.gov/covid-19](http://www.phila.gov/covid-19) pou tout dènye enfòmasyon yo.

Nan moman ensètitud sa a, asire w tout enfòmasyon sou COVID-19 nan soti nan sous kredib.

---

## Enfòmasyon Jeneral

### Gen enfòmasyon ki disponib nan lòt lang.

- Yo tradui enfòmasyon enpòtan regilyèman nan lang panyòl, senplifye chinwa, vyetnamyen, ris, ak franse.
- [Tcheke la](#) pou chwazi enfòmasyon nan lòt lang sa yo kòm lang arab, kreyòl ayisyen, swayili, Endonezi, kanbòdj ak koreyen.
- Enfòmasyon òganizasyon nan kominote a kapab oubyen kapab pa tradui nan lòt lang anplis.

## Rete Enfòmè

### Dènnye Enfòmasyon sou Vil la

- Pou enfòmasyon jeneral, vizite [www.phila.gov/covid-19](http://www.phila.gov/covid-19). Gen resous ki tradui disponib.
- Pou tout dènnye enfòmasyon sou repons Vil la pou COVID-19, ou ka gade pwogram nan pou piblik la an dirèk sou:
  - Kont Twitter Depatman Sante Piblik ([@PHLPublicHealth](https://twitter.com/PHLPublicHealth)) ak [Facebook](https://www.facebook.com/PHLPublicHealth).
  - [Phila.gov/PHLgovTV](http://Phila.gov/PHLgovTV).
  - Chanèl Comcast 64 ak 1164
  - Chanèl Verizon 40 ak 41
- Pou resevwa avi sou telefòn ou, voye mesaj COVIDPHL bay 888-777.
- Pou kesyon ki gen rapò ak lasante, rele 1-800-722-7112.
- Pou kesyon sou tout sèvis Vil la, Rele 311. Gen sèvis entèprèt disponib, tanpri tann pou yon operatè mande lang ou.

### Dènnye Enfòmasyon sou Distri Lekòl Philadelphia

- Tcheke sitwèb [Distri Lekòl Philadelphia](http://Distri Lekòl Philadelphia) pou tout dènnye enfòmasyon yo. Gen [resous nan plizyè lang](#) disponib.
- Lekòl yo ap rete fèmen pou rès ane lekòl la, men timoun yo ap kontinye aprann. [Elèv yo kapab prete yon tablèt Chromebook pou yo ka aprann a distans](#)
- Elèv yo kapab jwenn [repa gratis](#) ak [gid pou yo aprann](#).
- Fanmi ki genyen kesyon an jeneral oubyen ki bezwen èd pou aprann konsèy yo kapab rele nan nimewo sa ki louvri toutan 215-400-5300 pou Distri Lekòl Philadelphia a. Gen asistans ki disponib nan lòt lang. Liy dirèk distri a louvri ant 9 :30 a.m. ak 2 :30 p.m.

### Dènnye Enfòmasyon sou SEPTA

#### **Tanpri tcheke [septa.org](http://septa.org) pou dènnye orè yo.**

Tout pasaje SEPTA oblije mete yon mask oswa pwoteksyon figi. Orè sèvis nòmal yo an vigè, sepandan, liy Cynwyd ak Chestnut Hill West yo kanpe. Pòt 12th & Filbert nan Jefferson Station epi pòt 16th & JFK nan Suburban Station yo pral louvri lè sa yo: 6:30 a.m. jiska 9:30 a.m. epi 3:30 p.m. jiska 6:30 p.m. Pòt yo ap bloke tout lòt lè yo.

## Resansman 2020

Gerizon apre COVID-19 nan Philadelphia depann sou yon kont konplè epi dirèk resansman 2020 an. Si ou poko reponn resansman, pran 5 - 10 minit jodiya epi fè l sou entènèt.

Pou imigran yo ak zanmi imigran yo, konte Philly pou 2020 an ap kontinye raple moun sou enpòtans resansman 2020 an epi ankouraje moun Philadelphia pou yo patisipe. Ede yo pwopaje pawòl la nan itilize platfòm medya sosyal yo pou raple rezo ou la tout moun kapab patisipe nan resansman 2020 an. Tout moun konte isit la kelkeswa kote yo soti oubyen pou konbyen tan yo viv nan peyi sa a.

Tcheke [bwat zouti medya sosyal](#) sa pou sipòte konte Philly a nan pwomote resansman 2020 a.

## Dènnye Nouvèl sou Distri Lekòl Philadelphia la

Tanpri ale sou [Resous Enfòmasyon sou Kowonaviris](#) Distri Lekòl Philadelphia a pou dènnye nouvèl yo.

---

## Kòman pou w rete an sekirite

### Lòd mask obligatwa

Jou ki te vandredi 26 jen, Majistra Kenney te siyen yon Lòd Mask Obligatwa, ki egzije pou yo mask mete nan nenpòt ki espas andedan yon etablisman piblik ak deyò si gen mwens pase sis pye ant moun ki soti nan kay diferan. Pral gen sèlman detwa grenn eksepsyon, ki gen ladan pou timoun ki poko gen 8 lane. Lapolis pa pral fè respekte lòd sa a. Objektif la se voye yon mesaj klè ki di itilizasyon mask pa kapab epi li pa ta dwe opsyonèl pandan ka kontinye ap monte nan tout peyi a.

## **Ki sa ki faz vèt la vle di pou Philadelphia**

Philadelphia nan wout pou antre nan yon faz vèt modifiye, ak restriksyon pou relouvri nan vandredi 3 jiyè.

Se pa tout aktivite k ap rekòmanse touswit. **Philadelphia ap toujou mete restriksyon sou kèk aktivite ki Commonwealth Pennsylvania otorize, epi nou pral gen gid sevè pou kèk nan aktivite yo ki fèk relouvri.** Kòm Komisyone Sante Piblik Philadelphia, Doktè Tom Farley te di, "Nou ka fatige ak pandemi an, men viris la pa fatige ak nou."

COVID-19 pa fini, se pou sa nou dwe pran san nou lè n ap relouvri. Li plis sou pwogrè nou sit nou pou **Relouvri ak Atansyon.**

Kijan nou te fè pou rive la?

Estrateji Philadelphia nan batay kont COVID-19 kowonaviris la te konsantre sou anpeche viris (tès, trase kontak, ak izolasyon ak karantèn), distans sosyal, ak pwoteksyon popilasyon vilnerab yo.

Malgre te fè pwogrè, kantite ka Philadelphia a yo p ap tonbe. Epi ka yo kontinye ap monte nan tout peyi a ak rejyon an.

Nou pran angajman pou relouvri avèk atansyon; pou kounye a, sa vle di yon faz vèt limite pou kenbe rezidan yo an sekirite.

Aprann plis sou sa faz vèt la vle di pou Philadelphia.

**Aprann plis sou [kisa faz vèt lan vle di pou Philadelphia.](#)**

## Swiv Konsèy pou Sante Piblik yo.

- Lave men w, kanpe a sis (6) pye tout moun pou pratike distans sosyal, pote mask nan figi ou pou w ka pwoteje tèt ou ak lòt moun, epi rete lakay ou toutotan sa posib. W ap jwenn plis detay [la a](#).
- Mete yon mask an piblik. Se youn nan pi bon fason pou pwoteje tèt ou ak lòt moun. Li [konsèy sa yo](#) sou fason pou w mete mask ou.
- Sonje [Pwen pou Diskite Dirijan Kominotè](#) ak [Postè sou Distans Sosyal yo](#) Depatman Sante.
- [Vini yon Kaptèn nan Entèkansyon COVID-9](#). [Enskri](#) pou w ka pran kou antrènman nan ekip Philly Konte a. Sesyon yo disponib nan lang angle, espanyòl, chinwa ak franse.
- [Sant pou Kontwòl Maladi](#) gen anpil resous nan plizyè lang, [lòt vil te tradui](#) nan lòt lang tankou koreyen, karen, tigrinya, maric, bima ak nepali.

## Al fè tès la

Vil Philadelphia lanse yon nouvo **chèchè sitwèb pou fè tès** ki ka ede moun jwenn sit pou fè tès moun ki gen COVID-19. Chèchè sa disponib nan sis lang, epi y ap fè mizajou kat la regilyèman pandan chanjman ap fèt nan nouvo sitwèb yo. Genyen diferan òganizasyon ki opere sit pou fè tès yo, tankou lopital yo, famasi ak klinik swen ijans, ak Vil Philadelphia tou. Tanpri ale sou enfòmasyon kòdone endividyèl sit la pou plis detay. **Tès pou COVID-19 gratis epi sa pa mande prèv sitwayènte.**

## Kilès moun ki dwe fè tès la?

Depatman Sante Piblik nan Philadelphia rekòmande pou fè tès COVID-19 si:

- Ou te espoze tèt ou ak yon moun ki gen COVID-19 (tann jiskaske 7 jou apre ou espoze pou asire w tès ou a bon) OUBYEN
- Ou genyen sentòm COVID-19, kòm:
  - Tous
  - Souf kout OUBYEN
  - De nan sentòm sa yo: lafyè, frison, doulè nan mis, gòj grate, pèdi gou nan bouch ak sant.

Yo priyorize tès nan kèk kote pou moun ki gen sentòm sa yo:

- Entène lopital

- Genyen **pwoblèm medikal ki rive souvan**.
- Lè w rezide oubyen travay kote ki gen anpil moun, kòm mezon retrèt, fasilite pou sante konpòtmantal, abri ak prizon yo.
- Se travayè na Swen sante, sekirite piblik, oubyen travayè esansyèl yo (tankou Polis, Dife, EMS, transpòtasyon piblik, makèt ak ekip nan famasi).
- Gen kontak pwòch ki gen ka ki dokimante oubyen ki asosye ak yon pil ka ki dokimante.

### **Patwon yo pa dwe oblije pou gen yon prèv yon tès negatif pou retounen nan travay.**

Pito, suiv rekòmandasyon pou konbyen an yon anplwaye ki malad dwe izole lakay li.

Pou plis enfòmasyon sou fè tès, rele moun ki ba w swen sante oubyen vizite lis kesyon repons nou an sou **kòman pou fè tès nan Philadelphia** Ou kapab rele tou 24/7 sou liy èd pou kowonaviris la nan 800-722-7112 pou pale ak yon pwofesyonèl swen sante oubyen soumèt yon kesyon bay Depatman sante piblik atravè sitwèb nou an.

### **Chèche konnen si ou elijib**

Chak sit pou fè tès genyen pwòp obligasyon pa yo, epi genyen enfòmasyon ladan l pou chak kote sou kat la. **Pa genyen sit ki mande pou peye, asirans oubyen prèv sitwayènte.** Men kèk sit kapab:

- Limite moun ki reponn kritè pou fè tès.
- Obligatwa pou pran yon randevou.
- Obligatwa pou moun ki bay swen sante a bay yon rekòmandasyon.
- Mande w pou rete nan machin ou (kote pou kondui pa deyò)

Se pou rele anvan paske pifò kote yo mande pou pran yon randevou. Nimewo telefòn yo disponib sou kat la.

### **Fason pou Itilize sit la**

- Chèche sit ki fè tès ak adrès nan ba kote yo fè rechèch la.
- klike sou yon kote nan kat la pou jwen enfòmasyon espesifik.
- Filtre rechèch ou a pa rapò a jou operasyon yo, ak si sit la se pou kondui deyò oubyen antre andedan.

Ou kapab resewva swen medikal ak nenpòt estati sitwayènte w epi ak kapasite pou pale Angle. Fè lekti sou [politik pou Philadelphia akeyi yo](#) ak [dwa ou yo sou zafè medikal](#).

## Ki Kote pou w Jwenn Èd.

### Èd Finansye: Apply pou avantaj federal ak eta yo

Depatman Sèvis pou Moun nan Philadelphia te repòte pa twò lontan aplikasyon pou jwenn avantaj eta a bay yo ki pa ogmante sou nivo pandemi an. Pou rezidan ki pèdi travay yo oubyen yo retire nan pèman yo nan moman COVID-19, [Pwogram sa yo kapab bay anpil èd pou siviv moman difisil sa.](#)

Yon apèsi sou avantaj ki disponib yo:

- SNAP: Jiska 650 dola pou yon fanmi ki gen 4 moun
- Medicaid Asirans sante a pri ki ba oubyen gratis
- Asistans ak lajan kach: Jiska 500 dola pou yon fanmi ki gen 4 moun
- Sèvis Piblik Avantaj Maksimòm 800 dola

Rezidan yo kapab aplike sou entènèt pou avantaj sou aplikasyon eta a ki sou entènèt nan [compass.state.pa.us](https://compass.state.pa.us). Si ou bezwen èd pou aplike avantaj yo, rele pwogram Benephilly pou Vil la 833-373-5868.

Chaj piblik dominan an kapab aplike nan ka pa w la, depann sou avantaj la Pou konfime elijibilite ou, tanpri vizite [Pwoteje Fanmi Imigran yo](#)

Pou plis enfòmasyon sou avantaj yo ak elijibilite, tcheke [atik \(blogpost\)](#).

Lòt Nouvèl

## Dènnye enfòmasyon sou Lwa Federal ki rele CARES la

- Lwa CARES la se yon pake èd gouvènman federal la pase pou bay soulajman pou pandemi COVID-19 nan. [Chache konnen konbyen lajan ou kapab jwenn ak kisa ou bezwen fè pou jwenn li](#).
- Si ou bezwen èd pou deklare taks oubyen louvri yon kont labank, rele Konseye Otonomi Finansye an nan 1-855-FIN-PHIL.

- Tcheke [Kominote Sèvis Legal](#) pou plis enfòmasyon sou Lwa Cares la- espesyalman si ou resewva SSI oubyen avantaj SSDI yo ak si ou gen timoun ki gen mwens pase 17 lane. Ou kapab resewva yon 500 dola anplis pou timoun yo men ou sipoze ranpli yon fòmilè taks anplis.

## Èd Legal pou Imigrasyon

- Biwo USCIS yo fèmen men yo toujou ap travay sou aplikasyon yo. Tcheke [USCIS](#) pou plis detay
- [Nationalities Services Center](#), [HIAS-PA](#) ak òganizasyon nan kominote a tankou [Juntos](#) la pou ede w tou.
- 

## Èd pou Manje

Vil la te lanse yon Zouti pou Chèche Manje (<http://phila.gov/food>) ki bay enfòmasyon nan sis lang e li gen ladan pwogram manje, manje pou elèv yo, manje pou granmoun yo ak kote ki deyò yo vil la sipòte..

Epitou, genyen resous gratis pou fanm ansent, manman k ap bay tete, sipò pou ti bebe ak timoun piti ki disponib pandan COVID-19 la.

## Èd pou Lojman ak Sèvis Piblik

- [Sèvis entènèt ak telefòn selilè ak ti pri](#)
- [Entèdiksyon tanporè kont degèpisman ak sezi kay moun.](#)
- Entèdiksyon tanporè pou pa koupe sèvis piblik pou [dlo, gaz](#), ak [kouran](#).

### Asistans pou lokasyon pou lokatè COVID-19 afekte yo

Yon dezyèm faz nan asistans pou lokasyon pou lokatè COVID-19 afekte yo ap disponib byento. PHDC ap kòmanse aksepte aplikasyon 6 jiyè nan [PHLRentAssist.org](#).

### Asistans ipotèk pou pwopriyetè kay COVID-19 afekte yo

Pennsylvania Housing Finance Agency (PHFA) ap kòmanse aksepte aplikasyon pou asistans ipotèk 6 jiyè nan sit [entènèt yo](#).



## Asistans Piblik

- Lè w resevwa swen medikal pou COVID-19 la pa konte pou detèminasyon chaj piblik la. Pou w jwenn plis enfòmasyon, ale sou: [USCIS](#) oubyen rele [Sèvis legal kominotè yo](#) nan 215-981-3700.
- Asistans moun ki p ap travay pa konte pou detèminasyon chaj piblik la [dapre USCIS](#). Tcheke [Biwo Alokasyon Chomaj Pennsylvania a](#) pou tout dènye nouvèl paske yo ka elaji asistans yo. Kontakte [Asistans Legal Philadelphia](#) ak [Sèvis Legal Kominotè](#) pou plis kesyon.
- [Benephilly](#) kapab ede ou aplike pou diferan asistans. Rele 844-848-4376.
- [PCCY](#) kapab ede w jwenn asirans medikal pou pitit ou ak ou menm. Rele nan nimewo 215-563-5848, estansyon 17 pou jwenn èd nan lang ou.
- Kalifikasyon pou Asistans Medikal pou l'ans te elaji pou kouvri COVID-19. Kontakte [Sèvis Legal Kominotè](#) pou jwenn enfòmasyon sou fason pou aplike.

## Dwa w nan Espas Travay la

- [Philadelphia te agrandi òdonans Konje Peye pou Maladi a poutèt COVID-19 nan](#). Anplwaye ki kouvri yo kapab itilize konje maladi yo pou COVID-19 la pou pwoblèm ak swen prevansyon san yo pa bezwen pè pou reprezay.
- [Lwa Philadelphia sou Semèn Travay Jis la an vig1&](#). Gade ki pati nan lwa ki aplikab pandan pandemi an.
- Pou plis enfòmasyon sou dwa ou nan espas travay la, vizite Kesyon yo poze souvan nan [Sèvis Legal Kominotè](#).

## Èd pou Biznis ou

- Lwa CARES federal la ofri Èd pou sipòte ti Biznis yo. Gade [kisa sa vle di pou biznis ou a](#) oubyen vizite [Asosyasyon Nasyonal pou Nouvo Ameriken yo](#) pou yon apèsi.
- VIP Philly kapab ede òganizasyon charitab yo ak ti biznis yo pou yo jwenn asistans legal gratis. Enskri pou yon [konsiltasyon gratis sou entènèt](#).
- Depatman Lisans ak Enspeksyon bay nouvo kondisyon pou pwojè konstriksyon anba COVID-19. Gade isit la pou plis enfòmasyon.
- Depatman Komès la te bay règleman sou fason pou pwoteje biznis ou pandan peryòd li fèmen tanporèman an.

## Èd pou Sante Mantal, Adiksyon ak Moun ki gen Andikap Entèlektyèl yo

- Vil Philadelphia ofri [sèvis pou Sante Mantal, Adiksyon ak Moun ki gen Andikap Entèlektyèl yo](#).
- Pou sèvis sante mantal ak adiksyon, rele Kominote Sante Konpòtmantal la 24 sou 24, 7 jou sou 7, nan liy dirèk la ki se 888-545-2600.
- Pou kriz sante mantal, rele nimewo espesyal pou kriz la 24/7 nan 215-408-6440.
- Pou moun sa yo ki bezwen sipò tretman pou opiyòd imedyatman, kontakte [NET Access Point](#) nan 844-533-8200 oubyen 215-408-4987.
- Pou sèvis pou moun ki gen andikap entèlektyèl, rele Depatman Sante Konpòtmantal ak Sèvis pou Andikap Entèlektyèl nan 215-685-5900.
- [Gen resous disponib pou ankouraje plis sekirite sou jan moun ap pran medikaman pandan COVID-19](#).

## Èd pou Vyolans Domestik

- [Gen pwoteksyon kont abi ak vyolans domestik](#) disponib pandan COVID-19 nan.
- [Pote plent si w sispèk y ap abize oubyen neglije timoun](#) pandan COVID-19.
- Nimewo telefòn pou vyolans domestik nan Philadelphia louvri 24 sou 24, 7 jou sou 7 nan 866-723-3014.
- Si w bezwen pwoteksyon legal, ou kapab chache èd nan Inite pou Deklare Ijans la nan Criminal Justice Center, Room B-03 1301 Filbert St., Philadelphia, PA 19107.
- Rele Sant Legal Abi Kont Fanm lan nan 215-686-7082 ak yon nimewo ki san danje pou yon reprezantan retounen w apèl la.
- [Nationalities Service Center](#) gen resous pou planifye sekirite liy dirèk, ak èd legal nan plizyè lang.
- [Òganizasyon Fanm Kont Vyòl \(Women Organized Against Rap, WOAR\)](#) gen yon liy dirèk 24 sou 24, 7 jou sou 7 ki se 215-985-3333 pou moun ki viktim move konpòtman seksyèl, vyòl ak agresyon seksyèl. Rele 215-985-3315 pou plis enfòmasyon sou sèvis WOAR yo.

## Pote Plent pou Krim Rayiman Ensidan Diskriminasyon

- COVID-19 afekte nou tout. [Li ilegal pou komèt krim kont yon moun poutèt orijin li ak poutèt laperèz pou kowonabiris](#).

- Kontakte [Komisyon Relasyon Moun nan Philadelphia](#) nan [pchr@phila.gov](mailto:pchr@phila.gov) oubyen 215-686-4670 pou pote plent pou ensidan rayiman ak diskriminasyon.
  - Plis resous nan men Komisyon Relasyon Imèn Pennsylvania sou krim rayisman nan tout eta a.
- 

## Resous nan tout Eta a

- Sitwèb [Eta Pennsylvania](#) a gen plis dènnye enfòmasyon sou COVID-19 nan. Tcheke la, tou, pou gade kòman pou vote ak avantaj pou moun ki p ap travay.
- [Kowalisyon Sitwayènte pou Imigrasyon Pennsylvania](#) la gen yon gid pou resous ki gen rapò ak COVID-19 nan Pennsylvania.